STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 22 janvye 2014

GOUVÈNÈ CUOMO VOYE MANM NAN KABINÈ LI A POU BAY YON APÈSI SOU BIDJÈ REJYONAL 2014-15 LAN

Komisyonè DMW Barbara Fiala prezante Bidjè a nan Owego

Bidjè Gouvènè a kenbe respnsabilite fiskal e li baze sou twa dènye ane siksè yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te voye manm nan kabinè li a pou bay yon apèsi sou mesaj bidjè egzekitif rejyonal 2014-15 a kominote yo toupatou nan eta. Komisyonè DMW Barbara Fiala te vizite nan konte Tioga jodia te souliye plan bidjè Gouvènè a ki pèmèt pou koupe taks sa ki pral kreye travay, grandi ekonomi an ak bay yon soulajman ki pi nesesè pou fanmi ki an difikilte yo.

"Nan tan lontan, bidjè nan Eta New York te antrene plis pase kontwòl depans ki te reponn a enterè patikilye ak kreye yon plan finansye delabre ak malsen nan New York," Gouvènè Cuomo te deklare. "Men pandan twa ane ki sot pase yo, avèk disiplin fiskal ak elaborasyon politik responsab, Eta New York te transfòme yon defisi de $10 bilyon dola an yon sipli de $2 bilyon e rann gouvènman fonksyonèl ankò. Ane sa a, bidjè nou an plis pase chif; se yon plan daksyon inove ki bati sou pwogrè nan twa dènye ane yo nan restore konfyans piblik ak rann eta New York yon eta ki pi entelijan, pi pwòp, ansante ak re-imajine pou lavni. Kounye a, nap pote plan bidjè nou an bay kominote yo toupatou nan eta kidonk nou ka tande dirèkteman de New Yòkè yo ak travay ansanm pou pase bidjè a atan yon fwa ankò."

New York te konnen yon reviman dramatik nan twa dènye ane ki sot pase yo. Nan 2011, New York te fè fas a yon eka nan bidjè a de $10 bilyon dola, sentomatikman nan deseni kote Eta te depanse plis pase mwayen l. Bidjè yo te toujou anreta e politik te domine elaborasyon politik

Men pandan twa ane ki sot pase yo, gouvènman Eta te refòme pou l delivre sa ki pi bon, rezilta ki pi efikas pou moun New York. Enflatè ki san kontwòl yo te ranplase avèk nouvo mezi abòdabilite e limite kwasans eta a de pousan. Gouvènman an te re-òganize pou pèmèt mache travay la gen kontra nan yon fason rasyonèl, ak negosye nouvo kontra travay apwopriye a kondisyon fiskal eta, pandan lap diminye dèt ak responsabilite pansyon.

Eta a te travay avèk patnè yo nan tout sektè yo– piblik, prive ak a bi non likratif –pou egzamine pwogram

Medicaid atravè Ekip restriktirasyon Medicaid. Nouvo estrateji pou envestisman ak kwasans ekonomik te devlope apati sol la nan Komite Devlopman Ekonomik Rejyonal.

Kounye a, twazan sèlman apre, New York te gen yon vizyon finansye ki grandman amelyore. Toulè twa ajans klasman yo te plase New York nan pozisyon de "estab" a "pozitif." Konfyans Anplwayè a te kondwi Eta pou l atenn yon nivo rekò pou travay sektè prive. Pi enpòtan ankò, Eta ap delivre yon gouvènman kap rann New Yòkè yo fyè.

Bidjè Egzekitif ane sa a balanse pandan lap limite kwasans depans yo pa plis pase de pousan. Nou atann pou ane sa fini nan yon sipli e avèk angajman fèm Gouvènè a avèk responsabilite fiskal, nou espere pou pwochen sipli yo ogmante.

Bidjè Egzekitif la redwi depans nan 2014-2015 pa preske $2 bilyon dola konpare a pwojeksyon anvan yo, kontinye mizeajou Gouvènè a sou kontrent depans yo. Ekonomi sa yo renouvlab e nou espere yo grandi an valè nan pwochen ane kap vini yo. Bidjè a te prevwa egalman nouvo envestisman enpòtan nan edikasyon ak swen sante, enkli $1.5 bilyon dola pou yon pwogram inivèsèl jounen konplè Pre-K ki finanse entyèman ak $720 milyon dola pou yon pwogram apre lekòl pandan senk ane, ak yon lwa Bon Lekòl Entelijan pou $2 bilyon dola.

Gouvènè Cuomo te prezante inisyativ ki annaprè yo kòm yon pati nan mesaj li sou bidjè eta a. Pou plis enfòmasyon, ale sou www.budget.ny.gov.

Eleman esansyèl nan Bidjè Egzekitif la:

- Kenbe ogmantasyon depans yo anba 2 pousan pou katryèm ane youn-apre-lòt.
- Redwi taks yo pa plis pase $2 bilyon dola nan ane 2016-17, itilize sipli yo ki pral jenere pa angajman Gouvènè a pou kenbe depans yo a 2 pousan.
- Ogmante èd pou edikasyon a $807 milyon dola, preske 4 pousan, pou sipòte yon ogmantasyon mwayen preske $300/elèv.
- Bay $1.5 bilyon dola sou yon peryòd senk ane pou finansye yon pwogram inivèsèl jounen konplè Pre-K nan tout eta.
- Otorize $720 milyon sou yon peryòd senk ane pou elaji pwogram apre lekòl la.
- Pwopoze yon Lwa $ 2 bilyon dola Smart Schools Bond pou asire ke tout timoun nou yo gen aksè a dènye teknoloji ki nesesè pou fè konpetisyon sou sèn mondyal la.
- Bay $1.2 bilyon dola nan finansman kapital pou ede lopital yo, mezon retrèt yo ak etablisman alontèm yo restriktire pou bay swen ki baze sou kominote.

Bidjè Egzekitif la gen ladan:

- Tout depans $137,2 bilyon dola nan Fon an nan ane fiskal ki kòmanse 1ye avril 2014, yon ogmantasyon $1,8 milyon dola oswa 1,3% parapò ak ane 2013-14.
- Depans nan Lajan Fonksyònman Eta a ki se $92,03 bilyon dola, yon ogmantasyon $1,5 bilyon,

oswa 1,7 pousan. Lajan Fonksyònman Eta ekskli lajan federal ak depans an kapital alontèm ladan.

Refòm nan Taks:
Konbinezon jesyon efikas ak respè bidjè a nan endis referans limit depans 2 pousan ki pral amelyore pozisyon fiskal Eta ak pèmèt ke sipli yo ka itilize pou soulajman taks. Bidjè Egzekitif 2014-2015 lan gen ladan pwopozisyon pou kontinye amelyore klima biznis nan New York ak pou bay soulajman taks adisyonèl pou fanmi sichaje yo. Refòm sa yo pral bay plis pase $2 bilyon dola nan soulajman taks pou ane 2016-17.

Refòm taks sa yo pral senplifye kòd taks la ak evalye pa preske $550 milyon dola nan ane 2014-15 ak $1.6 bilyon dola nan ane 2015-16 sou tout baz finansman yo

- **Refòm Taks sou Antrepriz yo.** Bidjè Egzekitif la konbine franchiz antrepriz yo ak bank taks pou bay senplifikasyon taks ak soulajman, ak amelyore konfòmite volontè. Anplis, pousantaj taks la sou revni nèt redwi de $7.1 pousan a 6.5 pousan, pi ba pousantaj depi 1968.
- **Etabli yon pousantaj kredi taks 20 pousan sou Pwopriyete pou Fabrikan yo.** Pou ede diminye nan frè fonsyonman pou biznis manifakti yo ak kreye travay, Bidjè a bay yon kredi ranbousab ki egal a 20 pousan nan taks sou pwopriyete ki te peye pa fabrikan yo ki posede pwopriyete.
- **Elimine Pousantaj Taks sou Revni nèt pou rejyon Nò Eta a.** Pou ankouraje kwasans manifakti yo nan rejyon Nò New York bidjè egzekitif la ap diminye pousantaj taks sou revni pou manifakti nan rejyon nò yo de pousantaj aktyèk 5.9 la a zero nan 2014 ak annaprè.
- **Elimine 18- yon evalyasyon tanporè pou kliyan endistriyèl yo, Akselere Eliminasyon pou tout lòt yo.** Pou kounye a, evalyasyon tanporè a sou sèvis piblik yo te pwograme pou l elimine nan Mas 2017. Rekonèt bezwen pou soulajman imedya, Bidjè Egzekitif la elimine evalyasyon an sou kliyan endistriyèl yo nan pwochen ane fiskal la ak akeselere eliminasyon an pou tout lòt kliyan yo. Eliminasyon ofizamezi a pral pèmèt biznis ak rezidan yo ekonomize $600 milyon sou twa lane kap vini yo.
- **Etabli blokaj Taks sou Pwopriyete kòm taks kredi Revni Pèsonèl.** Bidjè Egzekitif la ap bloke taks pwopriyete pou dezan, sijè a de kondisyon. Nan premye ane a (2014-15), Eta pral bay ranbousman taks a pwopriyetè kay yo ki gen revni kalifye de $500,000 dola oswa mwens kap viv nan yon jiridiksyon ki rete nan nivo 2 pousan sou taks pwopriyete yo. Nan fason pou pwopriyetè kay yo jwenn kredi taks la nan dezyèm ane a, distri lekòl ak gouvènman lokal yo dwe kontinye rete nan nivo taks la e yo dwe devlope yon plan pou pataje oswa konsolide sèvis yo ak elimine repetisyon ak chevojman ki jenere epay ki egal a twa pousan nan prelèvman taks nan espas senk ane a. Lè plan sa yo plènman aplike, gouvènman lokal yo ak distri lekòl yo ta ka bay soulajman taks sou pwopriyete yo jiska $1 bilyon dola. De ane blokaj la pral jenere yon benefis taks anyèl an mwayèn de $354 pou 2.8 milyon benefisyè. Rezidan Vil New York yo pa elijib pou blokaj kredi paske vil New York pa sijè a nivo taks sou pwopriyete a.
- **Etabli Kredi Taks sou pwopriyete rezidansyèl revni pèsonèl.** Bidjè a kreye yon kredi taks ranbousab ki distribye pwogresivman kont revni taks pèsonèl pou bay soulajman taks sou

pwopriyete ki sible yo baze sou kapasite yon pwopriyetè pou peye. Lè li antyèman prezante, pwogram lan evalye a preske $1 bilyon dola, pral benefisye preske 1.9 milyon pwopriyetè ki bay yon benefis an mwayèn de $500 dola.

- **Etabli yon kredi pèsonèl taks sou revni lokatè.** Pou ede konpanse enpak nan depans lojman lwaye, espesyalman pou fanmi yo, Bidjè Egzekitif la kreye yon kredi ranbousab pou lokatè yo. Lè li antre plènman nan pwogram nan li pral ekonomize $ 400 milyon dola pou apeprè 1.3 milyon fwaye. Benefis an mwayèn pou yon fanmi kat moun nan vil New York avèk revni mwens pase $50,000 dola ta dwe anviwon $410.
- **Refòm nan taks Imobilye.** Bidjè Egzekitif la ap ogmante nan kòmansman eksklizyon taks imobilye de $1 milyon dola pou evantyèl konfòmite avèk kantite lajan egzansyon federal, ak redwi pi gwo pousantaj de 16 a 10 pousan pandan kat ane.

Devlopman Ekonomik:

Bidjè Egzekitif la bay yon wonn finansman adisyonèl pou Komite Devlopman Ekonomik Rejyonal e li relye yo avèk START-UP NY pou atire biznis ki soti toupatou nan mond lan, delivre sou pwomès "Buffalo Billion," ak fè envestisman estratejik kapital nan pwojè rejyon nò yo, Makonnen avèk vas soulajman taks ak refòm ki dekri anwo a, aksyon sa yo te bati sou siksè ekonomik nan twa ane ki sot pase yo pou plis elaji opòtinite ekonomik pou tout New Yòkè yo.

- **Lanse Global NY.** Global NY pral relye avèk START-UP NY gouvènè a ak inisyativ Komite Devlopman Ekonomik Rejyonal pou atire envestisman entènasyonal nan Nò rejyon an ak ede konpayi New York yo ekspòte pwodui yo nan mache entènasyonal yo. Anplis, yon nouvo kanpay mache entènasyonal pral ankouraje ensitasyon pwuisan nan pwogram START-UP NY la pou devlope ekspòtasyon etranje eta ak ankouraje envestisman etranje dirèk.
- **Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal.** Bidjè Egzekitif la gen ladan $150 milyon dola nan nouvo finansman kapital devlopman ekonomik ak $70 milyon nan taks kredi eta ki pral konbine avèk yon laj evantay pwogram ajans ki egziste deja pou yon katryèm wonn sibvansyon REDC pou finanse pwoje priyorite rejyonal yo.
- **Etabli yon Lekòl Famasi nan Inivèsite Binghamton.** Bidjè a gen ladan $10 milyon dola nan resous kapital pou finanse planifikasyon inisyal ak frè devlopman pou yon nouvo Lekòl Famasi nan Inivèsite Binghamton. Nouvo lekòl sa a pral ede Binghamton kontinye bati estati l kòm premye inivèsite rechèch, elaji enskripsyon, kreye djòb, ogmante aktivite ekonomik nan rejyon an, ak ede satisfè bezwen swen sante mendèv nan Eta
- **Kolèj Inivèsite Cornell nan Medsin Veterinè.** Bidjè a enkli yon envestisman inisyal eta de $5 milyon dola pou elaji ak ogmante enfrastrikti ak etablisman ansèyman yo nan Kolèj Inivèsite Cornell Medsin Veterinè pou akomode pigwo salklas.
- **Pwogram Transfòmasyon Ekonomik.** Bidjè a bay $24 milyon dola pou sipòte kominote ki afekte yo pa fèmti ki te anonse anvan yo nan kat etablisman koreksyonèl ak nenpòt fèmti de etablisman jistis jivenil nan 2014-15. Nan konsiltasyon avèk Komite Rejyonal yo, kominote sa yo pral anmezi pou itilize finansman an pou apiye envestisman sektè prive a ki kreye djòb ak sipòte inisyativ ki transfòme ekonomi yo.

- **New York ouvri pou biznis.** Sipòte pa $50 milyon dola nan resous New York Power Authority, inisyativ ki ouvè pou biznis la pral kontinye bay yon efò maketing ranfòse pou demontre benefis pou envesti ak fè biznis nan New York.
- **Ranfòse Pwoteksyon Konsomatè yo.** Bidjè Egzekitif la gen pwopozisyon ki relve de konpetans Depatman Sèvis Finansye (DFS) ki vize a ranfòse pwoteksyon konsomatè yo. Sa gen ladan pwoteksyon konsomatè yo nan pri bòdwo medikal, sipriz andeyò rezo a, lit kont fwod asirans pi ba to asirans machin, diminye pri pou peye asirans tit, ak etabli yon Inite Pwoteksyon Etidyan nan DFS pou sèvi kòm chyen gadyen konsomatè a pou elèv New York yo.

Sipò pou Edikasyon Piblik:
Bidjè Egzekitif la reflete yon angajman solid pou amelyore rezilta elèv yo, kwasans frè dirab, yon distribisyon ekitab nan èd, ak sipò pou soutni plizyè inisyativ enpòtan yo.

- **Èd Lekòl.** Bidjè Egzekitif la bay yon ogmantasyon $807 milyon èd pou ane lekòl 2014-15, $608 milyon ki pral bay a distri lekòl yo kòm èd lekòl ki baze sou fòmil. Distri lekòl ki gen gwo bezwen yo ap resevwa plis pase 70 pousan ogmantasyon ki atribye pou ane 2014-15.

    - **Lekòl Entelijan yo.** Bidjè Egzekitif la rekòmande yon $2 bilyon dola lwa bond obligasyon jeneral, ki dwe pote devan votè yo nan novanm 2014. Montan bon an ap sèvi a finanse teknoloji edikasyon nan lekòl, avèk pwojè elijib ki gen ladan amelyorasyon enfrastrikti pou pote wo nivo teknoloji nan lekòl ak kominote yo nan distri lekòl yo ak achte teknoloji nan salklas pou elèv yo itilize. Anplis, Lekòl Entelijan yo pral pèmèt envestisman alontèm nan jounen konplè salklas pre-k atravè konstriksyon nouvo espas salklas pre-k.
    - **Jounen Konplè inivèsèl pre-k nan tout eta.** Bidjè Egzekitif la bati sou siksè premye jounen konplè pwogram pre-k ki finanse pa eta nan angaje pou envesti $1.5 bilyon dola sou yon peryòd senkan pou sipòte premye faz pwogram inivèl jounen konplè pre-k nan tout eta. Eta pral travay avèk distri lekòl yo pou devlope yon orè enplemantasyon. Eta pral kounye a bay sipò osi vit ke distri a ap enplemmante plan li yo. Lekòl Chatè yo pral elijib pou finansman Pre-K.
    - **Pwogram Apre lekòl yo.** Bidjè Egzekitif la atribye $720 milyon dola sou yon peryòd senkan pou elaji pwogram apre lekòl yo nan tout eta. Yon estimasyon $160 milyon dola pral disponib nan ane lekòl 2015-16, grandi a $200 milyon dola nan ane lekòl 2017-18. Finansman sa yo pral pèmèt lekòl yo ajoute oswa elaji pwogram aprè lekòl yo pou bay plis opòtinite anrichisman pou elèv yo.
    - **Fon Pwofesè Ekselan.** Bidjè Egzekitif la bay sipò pou rekonpanse pwofesè ekselan, ak rekrite ak kenbe edikatè ki pi efikas yo. Nan fason pou kalifye, pwofesè yo dwe klase kòm “otman efikas” e li pral elijib pou resevwa jiska $20,000 nan konpansasyon siplemantè anyèl atravè Fon Ekselan Pwofesè.

Pwoteje Anviwonman:
Bidjè Egzekitif la ap ogmante Finansman Pwoteksyon Anviwonman (RPF), kenbe finansman Eta pou

pwogram fondamantal anviwonman, park ak agrikilti, elaji opòtinite lwazi anplenè, ak bay yon nouvo wonn de finansman kapital New York Works pou etablisman anviwonmantal yo. Finansman ajans Eta ak Otorite piblik yo pral kontinye fè New York yon lidè nan teknoloji ekonomi pwòp, redwi emisyon ki kontribye a chanjman nan klima, ak pèmèt transfòmasyon de sistèm transmisyon nou an a yon rezo distribisyon entelijan distribye.

- **Fon Pwoteksyon anviwònman.** Bidjè a gen ladan $157 milyon dola pou EPF, yon ogmantasyon de $4 milyon dola pou 2013-14 kòm yon rezilta ogmantasyon ak amelyorasyon egzekisyon pwogram depo ki pa reklame yo.
- **Brownfield Cleanup ak State Superfund.** Bidjè Egzekitif la gen ladan lejislasyon pou elaji pwogram Brownfields Cleanup pou dizan, avèk refòm enpòtan pou pwoteje kontribyab yo ak pwomote re-devlopman browfield, patikilyèman nan nò New York. Anba pwogram refòme a, remediasyon kredi taks pral kouvri sèlman pri aktyèl netwayaj ak re-devlopman kredi pral disponib pou sit ki vid yo depi pase yon deseni, ki vo mwens pase pri pou netwaye yo, oswa yo se yon priyorite pwojè devlopman ekonomik. Anplis, Bidjè a enkli yon nouvo $100 milyon dola apwopriasyon pou elaji pwogram State Superfund cleanup, enkli $10 milyon dola atravè Pwogram Restorasyon Anviwonman pou adrese minisipalite brownfields posede.
- **Biwo Depatman Sèvis Piblik Long Island.** Konfòmeman a lwa istorik Gouvènè Cuomo pou restriktire ak amelyore siveyans sèvis elektrik nan Long Island, Bidjè Egzekitif la gen ladan $5.5 milyon dola nan finansman pou 39 nouvo anplwaye ak kreyasyon yon nouvo biwo nan Long Island DPS (DPS LI). Nouvo biwo a pral gen kapasite pou l egzamine pousantaj sèvis piblik yo ak operasyon, enkli preparasyon pou tanpèt ak pèfòmans, pou asire kliyan sèvis elektrik Long Island yo ap resevwa sèvis piblik fyab, ak tarif jis e rezonab. PSEG Long Island, nouvo fonsyonman rezo sèvis elektrik nan Long Island, ap chèche pou bloke pousantaj yo nan nivo 2013 jiska 2015.
- **Envestisman Enfrastrikti New York.** Bidjè Egzekitif la bay $135 milyon dola nan nouvo apwopriasyon pou pwochen faz pwogram kapital New York Works ki pral adrese yon aryere nan bezwen kapital anviwonman ak estimile kreyasyon djòb ak devlopman ekonomik nan tout eta.
- **Elaji Opòtinite pou lachas, lapèch ak lòt aktivite yo.** Bidjè Egzekitif la kontinye angajman l pou lwazi anplenè atravè 50 pwojè pou bay aksè a plis pase 380,000 karo tè leta ki egziste pou lwazi, enkli lansman bato, zòn pou gade zwazo, santye, ak pèsyèn lachas, ansanm avèk kreyasyon yon nouvo lisans 3-5 ane pou lachas ak lapèch.
- **Elaji Aksè a Pwodui Agrikòl ki Fèt New York.** Baze sou siksè ane pase a, Bidjè Egzekitif la gen ladan $1.1 milyon dola pou pwogram “Taste NY”.

Asire Swen Sante Kalite pou Tout New Yòkè yo:

Bidjè Egzekitif la kontinye refòm istorik Medicaid nan ekip restriktirasyon Medicaid kap jwenn pi bon rezilta a yon pri ki pi dirab. Bidjè a sipòte modèl swen ki pi efikas, soutni echanj benefis sante Eta, ankouraje kolaborasyon rejyonal pami founisè ak kominote yo, ak fè envestisman nan enfrastrikti swen sante ak teknoloji enfòmasyon sante pou transfòme sistèm livrezon swen sante.

- **Ogmante Finansman Konsistan Medicaid avèk Nivo Depans yo.** Bidjè Egzekitif la reflete kontinyasyon nivo depans Medicaid ki te adopte nan 2011-12 ak rekòmande finansman ki konsistan avèk pwovizyon l. Bidjè a reyalize $10.9 milyon dola nan ekonomi lajan nan pwogram sante pou moun ki aje yo atravè pworgam refòm, mezi efikasite nan nivo antrepriz, ak efò jeneral pou kontwòle pri yo.
- **Transfòme Sistèm Swen Sante New York.** Bidjè Egzekitif la pral pran pwochen etap la nan transfòmasyon sistèm swen sante New York nan bay finansman kapital pou envestisman ki sible yo ki ta konplemante pwojè kap sipòte pa egzansyon Medicaid, ki kounye a annatant apwobasyon pa gouvènman Federal la. Nan fen 2014-15, MRT pral jenere plis pase $17 bilyon dola nan ekonomi federal. Egzansyon an pral pèmèt pou Eta re-envesti jiska $10 bilyon dola de ekonomi sa nan transfòmasyon sistèm livrezon swen sante New York. Apwobasyon federal pou egzansyon an esansyèl pou enplemante antyèman plan daksyon MRT, ranfòse enfrastrikti swen sante, redwi admisyon lopital ki kapab evite ak reponn a pwochen atant anba Lwa Swen Abòdab la (ACA).
- **Kontinye Enplemante Rekòmandasyon MRT.** Bidjè Egzekitif la kontinye enplemante refòm MRT yo. Refòm sa yo reprezante pifò restriktirasyon konpreyansif nan pwogram Medicaid nan istwa Eta, avèk inisyativ ki deziyen pou amelyore game konplè sèvis swen sante yo. Yon pake pri net nan nouvo inisyativ MRT ap pwopoze pou fè envestisman enpòtan nan livrezon swen sante. Envestisman yo balanse nan ekonomi ki se rezilta nan inisyativ sible entegrite Medicaid pou elimine fwod ak abi, amelyorasyon nan konsepyson benefis, kontwòl ki pi strik nan pwodui famasetik yo, ak konfòmite avèk Lwa Federal ki egzije sipò konjwen.
- **Sipòte Echanj Benefis Sante New York.** Jiska 17 janvye, plis pase 580,000 New Yòkè te konplete aplikasyon yo e plis pase 326,000 te enskri pou kouvèti asirans. Finansman Federal pou operasyon inisyal nan Echanj Benefis Sante New York pral fini nan 1ye janvye 2015, e Bidjè Egzekitif la bay $54.3 milyon nan 2014-15, ap grandi a $148.3 milyon dola nan finansman eta pou kontinye soutni pouswit operasyon Echanj la. Frè sa yo konpanse plis pa revni adisyonèl la ki jenere nan ogmante asirans sante ki gen rapò a enskripsyon nan Echanj lan ak amelyore peman Federal Medicaid ki otorize pa lwa sou Swen Abòdab la.

Edikasyon Avanse:

Bidjè Egzekitif la ranfòse kapasite sistèm pliblik New York la pou edikasyon avanse eksele nan toulède akademikman ak kòm yon motè ekonomik. Nouvo envestisman estratejik yo pral bay plis pwogrè akademik, kreye opòtinite travay, ak konekte diplome yo avèk travay.

- **Elaji ak lanse yon lòt wonn de NYSUNY 2020 ak NYCUNY 2020** Bidjè Egzekitif la gen ladan 110 milyon dola pou yon wonn nouvo ak elaji de sibvansyon NYSUNY 2020 and NYCUNY 2020 $55 milyon pou chak sistèm inivèsite. Nou pral bay priyorite a plan yo ki itilize teknoloji pou amelyore siksè akademik ak opòtinite travay pou etidyan yo, ogmante patenarya piblik prive atravè pwogram START-UP NY, ak pi byen konekte elèv yo a mache travay la
- **Ofri Bousdetid pou Syans, Teknoloji, Jeni ak Matematik (STEM).** Bidjè Egzekitif la gen ladan $8 milyon nan finansman pou yon nouvo pwogram bousdetid STEM. Bousdetid frè eskolè konplè

a nenpòt kolèj SUNY oswa CUNY oswa inivèsite pral ofri a premye 10 pousan elèv ki gradye nan lekòl segondè yo si yap pouswiv nan karyè STEM apresa travay nan New York pou senk ane.

- **Konekte Pwogram Travay Jèn NY a kolèj Kominotè yo.** Pou ankouraje plis anplwayè pou anboche jèn nan sant vil la, Bidjè Egzekitif la pral asosye eleman fòmasyon okipasyonèl pwogram travay Jèn NY a pwogram koneksyon travay la.

Bay Opòtinite pou tout New Yòkè yo:

Bidjè Egzekitif la ofri finansman pou sèvis sipò prensipal yo pou popilasyon ki nan bezwen an, ogmante finansman pou sibvansyon swen timoun ki pral pèmèt moun ki gen revni fèb yo chèche oswa kenbe travay, elaji kapasite lojman abòdab atravè Eta, elaji efò pou sèvi veteran ak fanmi yo ak fè plis envestisman nan peye pou pwogram ki gen siksè yo.

- **Elaji Opòtinite Lojman Abòdab.** Ane sa a, Gouvènè a te pwopoze yon envestisman de $100 milyon dola adisyonèl pou bati ak prezève 3,000 inite lojman abòdab adisyonèl nan devlopman plizyè fanmi yo. Envestisman Federal Fon rekouvreman tanpèt nan lojman abòdab pral sèvi kòm yon katalis pou atire envestisman prive nan mache a nan diminye pri ipotèk sa pral mennen nan plis lwaye abòdab. Bidjè Egzekitif la egalman pral kontinye ak amelyore pwogram lojman NY ki te inisye nan 2013-14 ki envesti $1 bilyon dola pandan yon dire de senk ane pou prezève ak kreye 14,300 inite lojman abòdab toupatou nan eta nan adisyone $40 milyon dola nan finansman kapital.
- **Kreye komisyon Jèn, Sekirite Piblik & Jistis.** New York se youn nan sèl de eta ki kontinye pouswiv jèn 16-17 ane nan sistèm jistis kriminèl adilt la. Nan 2014, Gouvènè a pral etabli Komisyon sou Jèn, Sekirite Piblik ak Jistis pou fè rekòmandasyon sou pi bon fason pou ogmante laj jiridiksyon jivenil la, amelyore rezilta pou jèn yo ak pwomote sekirite kominotè.
- **Elaji Peye Pou Siksè.** Bidjè a ogmante itilizasyon l de obligasyon enpak sosyal de $30 milyon dola, jan li otorize nan bidjè 2013-14, a yon total de $125 milyon dola. Nouvo inisyativ yo pral antreprann nan domèn devlopman timoun ak byennèt, swen sante, sekirite piblik, ak devlope solisyon pou redwi kantite moun ki sanzabri yo.
- **Ogmante Finansman Swen Timoun.** Sibvansyon global Swen Timoun konpoze de finansman lokal, Eta, ak Federal. Bidjè Egzekitif la ogmante finansman total sibvansyon global pa $21 milyon dola pou pèmèt distri sèvis sosyal lokal yo pou kenbe swen sibvansyone timoun yo nan fè fas a ogmantasyon nan depans pou sèvis sa yo.
- **Bay Nouvo Opòtinite Ekonomik ak Amelyore Sèvis pou Veterans yo.** Bidjè Egzekitif la bay $250,000 pou Eta antreprann yon etid sou diferans. Etid sa a pral ede atenn angajman Gouvènè a pou bay pwopriyetè biznis sa yo pi gwo opòtinite pou sekirize kontra avèk Eta a.

Gouvenman lokal yo:

Bidjè Egzekitif 2014-15 ap kontinye angajman Gouvènè Cuomo pou diminye taks sou pwopriyete, amelyore efikasite gouvènman lokal la, ak asiste gouvènman lokal ki an detrès yo pandan lap kenbe asistans esansyèl gouvènman lokal la.

- **Bloke Taks sou kay.** Jan li dekri anwo a, Bidjè Egzekitif la gen ladan yon blokaj taks sou kay pandan dezan pou pwopriyetè nan distri lekòl yo ak gouvènman lokal yo ki rete nan nivo taks sou pwopriyete a.
- **Elimine Gouvènman repete ak sipèpoze.** Finansman de $39 milyon dola te enkli nan Bidjè Egzekitif la pou bay sibvansyon a gouvènman lokal yo pou enplemantasyon konsolidasyon sèvis rejyonal ansanm avèk kredi taks a rezidan gouvènman lokal yo ki rezilye oswa konsolide totalman.
- **Asiste Gouvènman Lokal ki an detrès yo.** Finansman disponib pou Komite Restriktirasyon Finansye ap kenbe a $80 milyon dola pou bay sibvansyon oswa prè a gouvènman lokal ki enplemante inisyativ restriktirasyon ki idantifye pa Komite a.

Bidjè Egzekitif la kontinye angajman Gouvènè a pou elimine manda sou gouvènman lokal yo, distri lekòl yo, ak kontribyab yo pou bay bon jan soulajman. Ekonomi anjeneral gouvènman lokal yo sou yon peryòd senkan, ap $4.6 bilyon dola. Refòm sa yo gen ladan:

- **Soulajman Medicaid.** Medicaid se youn nan pi gwo chaj finansye pou konte yo ak vil New York. Eta ap absòbe kwasans nan yon pataj lokal de kwasans Medicaid, kap ekonomize pou konte yo ak Vil New York $1.2 bilyon dola sou yon peryòd senkan. Ansanm avèk kwasans depans lan, Eta ap egalman asime responsabilite administratif Medicaid pou konte yo. Sa pral rezilta nan pi gran efikasite ak ede Eta ak Federal atenn inisyativ refòm swen sante a.
- **Refòm Pansyon.** Nan resan ane yo, pansyon se te youn nan depans k ap grandi pi vit pou gouvènman lokal ak distri lekòl yo. Nan 2013, yon nouvo ranje pou pansyon te kreye nan sistèm pansyon Eta sa ki pral ekonomize Eta, gouvènman lokal yo, ak distri lekòl yo $80 bilyon dola sou pwochen trant ane yo. Nan 2013, nou te bay gouvènman lokal ak distri lekòl yo yon opsyon pou yo te genyen yon pousantaj distribisyon pansyon ki pi estab, ki te genyen previzyon ak pèmèt moun lokal yo pou gen aksè a ekonomi an nan refòm 2012 la.
- **Akselerasyon Finansman Lwa sou Swen Abòdab.** Bidjè 2013-14 la te itilize fon Eta yo pou redwi kontribisyon nivo Medicaid pou Konte a pa $86 milyon dola atravè yon avans FMAP amelyore pou peryòd 1ye janvye 2014 jiska 31 mas 2014 ki te asosye avèk granmoun ki pa gen timoun anba Lwa sou Swen Abòdab sou pwochen senkan e vil New York pral ekonomize yon total $2.4 bilyon dola kòm yon rezilta de ACA ki gen rapò a FMAP amelyore.
- **Entèvansyon Bonè.** Refòm sou pwogram Entèvansyon Bonè ki te kòmanse avèk bidjè 2012-2013 pral ekonomize gouvènman lokal yo $54 milyon dola sou yon peryòd senkan.

Pran Swen Sitwayen Vilnerab New York yo:

Bidjè Egzekitif la sipòte ekspansyon swen ki baze sou kominote, kontinye pou ranfòse siveyans swen yo bay moun vilnerab yo, fè envestisman pou amelyore responsabilite ijyèn mantal, ak asire ke yo sèvi moun sa yo ansekirite nan anviwonman ki pi entegre ak depans ki pi ba posib. Bidjè Egzekitif la pwopoze rezilta nan sistèm finansman Ijyèn mantal de $7.4 bilyon dola nan ane 2014-15 yon ogmantasyon nan depans anyèl $62.4 milyon dola, oswa 0.9 pousan.

- **Amelyore Sèvis Ijyèn Mantal.** Aksyon ki pwopoze pou ajans Sante Mantal yo gen ladan refòm ak restriktirasyon pwogram eta ak pwogram lokal ak pratik administratif, kreyasyon sant ekselans rejyonal pou sant sikyatrik pasyan ki entène ki anba kontwòl eta a, amelyorasyon sèvis sante mantal kominotè, itilizasyon kay kominotè ki mwen chè epi ki pi efikas nan eta a, plasman kontwòl dinamik sou depans yo sou operasyon ajans yo, epi ogmantasyon peman yo nèt nan peyè twazyèm pati yo.
- **Ede moun yo mennen yon vi konplè ak pwodiktif.** Bidjè Egzekitif la kontinye finanse pou ede detounen moun yo de prizon nan pwogram tretman yo, bay sèvis sante mantal adisyonèl pou kèk mezon retrèt ak kay rezidans pou adilt, ak sipò kominote sèvis rezidansyèl lajounen pou moun ki sèvi pa OPWDD.

Konsantre sou Preparasyon Ijans ak Prevansyon Krim:
Bidjè Egzekitif la sipòte pwogrè kontinye nan fè New York vin pi prepare ak pi rezistan pou pwochen ijans yo. Egalman enpòtan, Bidjè a reflete yon apwòch sekirite piblik ki di, entelijan ak jis. Priyorite sa yo pran ansanm, pral asire sekirite tout New Yòkè nan ka yon ijans.

- **Etabli yon Sistèm deteksyon meteyolojik modèn.** Divizyon Homeland Sekirite ak Sèvis Dijans (DHSES) pral kolabore avèk yon patnè akademik pou sekiritze yon antite prive pou etabli ak opere yon sistèm deteksyon meteyolojik modèn– youn nan sis sistèm konsa nan peyi a. Yon envestisman kapital inisyal de $15 milyon dola te soti nan fon Federal ki gen rapò a gwo tanpèt Sandy.
- **Kreye yon Kolèj Preparasyon Ijans, Homeland Sekirite, Sibè-sekirite.** Bidjè Egzekitif la gen ladan $15 milyon dola nan resous kapital pou finanse frè devlopman ak planifikasyon inisyal pou yon nouvo Kolèj preparasyon pou Ijans, Homeland Sekirite ak Sibè-sekirite nan SUNY.
- **Asire ke estasyon gaz yo gen rezèv enèji nan ka ijans.** New York se premye eta nan peyi a avèk yon plan konpreyansif pou asire ke enèji a konsève nan estasyon gaz ki lokalize nan zòn estratejik yo nan yon ijans. Pwogram sa a te elaji pou enkli apeprè 241 estasyon gaz nan Nò avèk yon demi mèt de sòti yo nan otowout enpòtan yo. Yon lòt $3.1 milyon pral disponib atravè finansman federal ki gen rapò a gwo tanpèt Sandy.
- **Elaji Rezèv Estratejik Gaz nan tout eta.** Pou prevni pwochen ripti nan apwovizyonman, rezèv estratejik gaz la pral elaji nan tout eta pou sèvis pèsonèl sekouris yo. Yon Estimasyon $10 milyon frè te espere pou sipòte pa New York Power Authority.
- **Prepare Sitwayen yo pou Ijans.** Divizyon Homeland Sekirite ak Sèvis Ijans yo, an kolaborasyon avèk Gad Nasyonal la, pral ofri kou preparasyon ijans pandan tout ane a sitwayen ki enterese yo, avèk yon objektif pou fòme 100,000 sitwayen nan 31 mas 2015. Sipò pou inisyativ sa a pral vini nan fon Federal homeland sekirite.
- **Reyalize Kominikasyon Entèwoperab nan tout Eta.** Eta a pral envesti yon lòt $75 milyon dola nan pwogram kominikasyon entèwoperab nan tout eta nan 2014-15, enkli yon nouvo pwogram distribisyon $10 milyon dola nan sibvansyon anyèl ki baze sou fòmil a konte yo pou sipòte operasyon kontinyèl sant kominikasyon sekirite piblik yo .
- **Pwoteje Kont Vyolans Zam.** Yon total de $15.2 milyon pral envesti atravè yon nouvo inisyativ

ki GIVE – Gun-Involved Violence Elimination pou konsantre sou redwi vyolans zam nan kominote New York yo. Pwogram sa a pral ofri nan menm kominote yo ki aktyèlman ap resevwa finansman Operasyon IMPACT.

- **Kouvèti Pwoteksyon Eta New York.** Eta a pral envesti $10 milyon dola nan teknoloji pataje pou Eta ak ajans kap fè respekte lalwa pou elimine baryè a pataj enfòmasyon efikas, ak sipò repns kowòdone atravè jiridiksyon yo. Kòm ajans lokal kap fè respekte lalwa antre nan sistèm lan sou yon peryòd kat pwochen ane yo, ekonomi ajans kap patisipe yo espere pou yo grandi a $12 milyon dola pa ane.
- **Kontinye Kapasite Prizon nan Gwosè Nòmal.** Bidjè Egzekitif la reflete fèmti ki te anonse anvan de kat prizon sa ki pral ekonomize $30 milyon dola chak ane. Kominote ki afekte yo pral elijib pou $24 milyon dola nan nouvo sibvansyon devlopman ekonomik to fasilite enpak ekonomik ki soti de fèmti yo.
- **Mete yon arè sou chofè kap kondwi sou enfliyans alkòl yo.** Anba yon nouvo lwa ki pwopoze te enkli nan bidjè a, chofè yo jwenn ki koupab twa fwa pandan yap kondwi sou enfliyans alkòl oswa pandan kapasite yo afebli pa alkòl oswa dwòg pandan yon peryòd twazan pral gen lisans yo revoke pou senkan. Lwa a pral bay tou revokasyon definitif lisans pou chofè sa yo ki te genyen twa kondanasyon nan lavi yo.
- **Diminye sou kantite Jèn kap tèks pandan yap kondwi.** Bidjè Egzekitif la gen ladan lwa pou entansifye efò pou redwi frekans tèks pandan jèn chofè yo ap kondwi. Nenpòt moun ki anba laj 21 ane ki te kondane paske yo tap tèks pandan yap kondwi ap gen lisans yo sispann pou yon lane.

Envesti nan sistèm Transpòtasyon ki ansekirite, Fyab:
Bidjè Egzekitif la fè nouvo envestisman kapital pou amelyore sistèm transpòtasyon, amelyore rezistans li ak kreye travay, delivre yon ogmantasyon èd pou sistèm transpò a, ak kontinye enplemante inisyativ pou amelyore sèvis kliyan nan Depatman Motè Veyikil.

- **Envesti nan Enfrastrikti atravè Pwogram New York Works.** Bidjè Egzekitif 2014-15 la enplemante dezyèm ane nan yon pwogram transpòtasyon dezan nan bay plis pase $3.4 bilyon dola pou amelyorasyon kapital de tout kalite enfrastrikti transpòtasyon yo. Envestisman sa yo gen ladan $225 milyon dola nan finansman New York Works pou akselere pwojè pon ak wout, bay pwojè jeni, ak amelyore etablisman transpò, ray tren ak avyasyon
- **Ogmante Nivo Èd Tranzit yo.** Bidjè Egzekitif la pwopoze $4.8 bilyon dola pou ede sistèm tranzit la nan tout Eta. Sistèm anba lavil la, te finanse prensipalman pa taks espesyal ki te enpoze nan rejyon an, pral resevwa plis pase $4.6 bilyon dola, yon ogmantasyon de $90.7 milyon dola. Sistèm tranzit nan nò rejyon an pral resevwa, $175,9 milyon dola, yon ogmantasyon de $2,3 milyon dola.

Re-imajine New York pou yon nouvo reyalite:
Bidjè Egzekitif la sipòte yon estrateji pou transfòme rezo enfrastrikti transpòtasyon New York, sistèm enèji, pwoteksyon bò lanmè, sistyèm ijans meteyoloji, ak jesyon ijans, pou pi byen pwoteje Eta kont Pwochen kondisyon meteyolojik grav.

Eta ap chèche itilize fon Federal yo ki te afekte pou Sandy Irene ak Lee Irene ak Lee pou mete sou pye gwo pwogram sa a. Avèk resous sa yo, New York prak rebati kominote Eta, kay, biznis ak enfrastrikti pou restore ekonomi Eta ak bese potansyèl domaj pou pwochen tanpèt yo.

Restore Konfyans Piblik:
Bidjè Egzekitif 2014-15 gen ladan nouvo refòm pou asire ke New Yòkè yo gen konfyans ke ofisyèl ki eli yo ap sèvi yo avèk onètete ak transparans. Pwopozisyon sa yo gen ladan lwa kont achte favè ak koripsyon, finans piblik eleksyon, refòm kanpay finans, ranfòsman endepandan ak siveyans nan Konsèy Eleksyon yo, ak divilgasyon kliyan eksteryè ki gen biznis devan eta a. Anplis de Bidjè a bay $200,000 pou pèmèt JCOPE eksplwate yon liy kote anplwaye Eta yo oswa piblik la ka rapòte akizasyon sou arasman seksyèl oswa lòt vyolasyon sou konfyans piblik la pa ofisyèl Eta.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418